# VIRTUAL TÁLIM SHARAYATÍNDA BOLAJAQ GEOGRAFIYA OQÍTÍWSHÍLARÍNÍŃ METODIKALÍQ TAYARLÍǴÍ

**Tajibayeva Xurshida Djumamuratovna**
*Ajiniyaz atındaǵı NMPI 13.00.02 – Tálim hám tarbiya teoriyasi hám metodikasi geografiya qánigeligi boyınsha doktorantı*
*tajibaevaxurshida15@gmail.com*

Pedagogika tarawın jańa basqıshqa kóteriw, tarawdıń qánigelerin tayarlawdıń mazmunı hám usılın innovaciyalarǵa tiykarlanǵan halda qayta qurıwdı talap etedi. Onıń ushın pedagogika tarawında bolajaq oqıtıwshılar tayarlaw sistemasınıń mazmunı, dásturleriniń strukturalıq dúzilisin mámleket tálimniń usı buwını aldına qoyǵan talapları tiykarında jetilistiriw kerekligin kórsetip atır.

Bolajaq geografiya oqıtıwshıların innovaciyalıq jantasıw tiykarında pedagogikalıq ámeliyatın jetilistiriw texnologiyası joqarı tálim mákemeleri aldındaǵı zárúrli wazıypalardan biri bolıp tabıladı. Búgin mámleketimiz tálim sistemasında innovciyalıq texnologiyalarǵa tiykarlanǵan tálim-tárbiya sistemasın jetilistiriw, onıń milliy tiykarın bekkemlew, social aktiv hám maman básekige shıdamlı kadrlar tayarlawdı jáhán standartları dárejesine shıǵarıw aktual máselelerden biri bolıp tabıladı. Bilimlendiriw tarawındaǵı sapa ózgerisleri hám joqarı nátiyjelilik olardıń jáhán tálim talapları menen sáykesligi hám bolajaq geografiya oqıtıwshılarınıń keleshektegi miynet xızmetlerinde ózlestirgen kompetenciyaları qaysı dárejede ámeliyatta qollanılıp atırǵanlıǵına baylanıslı.

Ózbekstan Respublikası joqarı tálim sistemasın 2030 jılǵa shekem rawajlandırıw koncepciyasında joqarı tálimdi sistemalı reformalawdıń ústin turatuǵın baǵdarların belgilew, zamanagóy bilim hám joqarı ruwxıy -etikalıq pazıyletlerge iye, ǵárezsiz pikir júritetuǵın joqarı maman kadrlar tayarlaw procesin sapa tárepinen jańa basqıshqa kóteriw, joqarı tálimdi modernizaciyalaw, aldıńǵı tálim texnologiyalarına tiykarlanǵan halda social tarawdıń hám ekonomika tarmaqların rawajlandırıw wazıypası belgilep qoyılǵan.[1] [1]Búgingi kúnde virtual tálim sharayatında bolajaq geografiya oqıtıwshılarınıń metodikalıq tayınlıǵınıń házirgi jaǵdayı tálim sisteması kadrlar tayarlaw milliy modeliniń eń zárúrli buwını retinde qaralıp atırǵanlıǵı bolajaq

---

[1] Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 8-oktyabrdaǵı "Ózbekstan Respublikası joqarı tálim sistemasın 2030 jılǵa shekem rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlaw" haqqındaǵı PF-5847-sanlı Pármanı.

geografiya oqıtıwshıların innovaciyalıq pedagogikalıq iskerlikke tayarlawdıń ilimiy tárepten izertlewdiń tekǵana múmkinshiliklerin jarattı, usı waqıtta, bunı teoriyalıq hám de ámeliy aktual wazıypaǵa aylantırdı. Tálim-tárbiya processinde innovaciyalıq tálim texnologiyalarınan paydalanıw oqıtıwshılardan arnawlı bir tayarlanıw, innovaciyalıq pedagogikalıq iskerlikke tayarlaw zárúrshiligin keltirip shıǵaradı. Bul zárúrlik pedagogikalıq kadrlardı tayarlaytuǵın joqarı tálim mákemelerinde shólkemlestiriletuǵın tálim-tárbiya procesi, atap aytqanda, bolajaq geografiya oqıtıwshılarınıń pedagogikalıq psixologiyalıq, ilimiy-metodikalıq tayarligına tiykar bolatuǵın oqıw kursların oqıtıwda innovaciyalıq ortalıqtı jaratılıwın metodikalıq kózqarastan analiz etiw, social -pedagogikalıq, didaktik shárt-shárayatların jaratıw usı processtiń natiyjeliligin arttırıwdıń ilimiy-metodikalıq tiykarların islep shıǵıwdı talap etedi. Pedagogikalıq kadrlardı, atap aytqanda, pán oqıtıwshıların innovciyalıq pedagogikalıq iskerlikke tayarlawda olardıń ilimiy-metodikalıq tayınlıǵın qáliplestiriw procesine innovciyalıq texnologiyalardı qollanıw usı processtiń natiyjeliligin arttırıwǵa tiykar boladı. Sonıń menen birge, bolajaq geografiya oqıtıwshılarınıń metodikalıq tayarlıǵın qáliplestiriwde innovaciyalıq texnologiyalarınan paydalanıw arqalı tálim jaǵdayınıń nátiyjeliligin arttırıw ushın olardı innovaciyalıq pedagogikalıq iskerligine tayarlaw basil maqset qılıp belgilewdi talap etedi.

Bolajaq geografiya oqıtıwshıların innovacion pedagogikalıq iskerligine tayarlawdıń pedagogikaliq shárt-sharayatları, mazmunı, kórinisi, metodı hám usılların islep shıǵarıw hám ámeliyatqa eńgiziwden ibarat.

Bolajaq geografiya oqıtıwshısın innovacion pedagogikalıq iskerlikke tayarlaw degende, onıń ilimiy, teoriyalıq, psixologiyalıq, pedagogikalıq, ilimiy-metodikalıq tayarlıǵı, siyasiy hám ruwxıy-etikalıq jetiskenlik dárejesi birlesken halda túsiniledi. Oqıtıw sistemasın jetilistiriwdiń tiykarǵı shárti bolsa kóbinese tálim shólkemlerinde tayarlanıp atırǵan qánigelerdiń bilim dárejesi, ilimiy kóz qarasınıń qálipleskenligi, sonıń menen birge káspine tán bolǵan kónlikpe hám tjiriybeleriniń jıyındısınan ibaratlıǵı menen belgilenedi. Sonıń ushın bolajaq geografiya oqıtıwshıların innovaciyalıq pedagogikalıq iskerlikke tayarlawdıń ilimiy-metodikalıq tiykarların islep shıǵıw ámeliyatqa engiziw mashqalanıń aktuallıǵın belgileydi.

Sol maqsette, oqıtıw formaları, usılları hám qralların anıqlaw, olardan metodikalıq sistema retinde tabıslı paydalanıw arqalı keleshekte geografiya oqıtıwshıların kásiplik tayarlıǵına erisiw múmkin boladı. Izertlev dáwiri dawamında geografiya oqıtıwshıların kásiplik pedagogikalıq oqıw shólkemine

tayarlıq dárejesin asırıw tártibi engizildi, universitette, institut ámeliyattıń pedagogikalıq, didaktik, metodikalıq shárt-shárayatları mazmunı, qóllanbalar hám formaları anıqlandi. Usınıń menen birge, geografiya oqıtıwshıların kásiplik pedagogikalıq tálim dárejesin asırıwdıń strukturalıq bólimleri, derekleri, qóllanbaları, milliy usılları da qollap -quwatlandı.

Atap aytqanda, geografiya oqıtıw metodikası lekciya hám laboratoriya shınıǵıwlarında innovaciyalıq texnologiyalardan paydalanıw, laboratoriya shınıǵıwlarında studentler tárepinen orınlanatuǵın oqıw tapsırmalarınıń beriliwi, ózbetinshe bilimlendiriwde studentlerdiń bilim hám kónlikpeleriniń dóretiwshilik penen qollanılıwına imkaniyat jaratılıwı bolajaq geografiya oqıtıwshılarında metodikalıq tayarlıǵın qáliplestiriw hám usı tayarlıqti arttırıw ushın zárúrli bolǵan pedagogikalıq shárt-sharayatınıń payda bolıwına tayarlaydı.

Pedagogika joqarı tálim mákemelerinde shólkemlestiriletuǵın tálim-tárbiya procesine innovaciyalıq texnologiyalardı qosıwda tómendegi didaktik maqsetlerdi kózleydi:[2[2]]

- tálim-tárbiya procesin shaxsqa jóneltiriw, onıń Mámleket tálim standartları menen belgilengen bilim, kónlikpe hám ilimiy tájiriybesin qosıw ;

- pedagog kadrlardı kásiplik-pedagogikalıq tayarlıqqa, metodikalıq tayarlıqqa tayarlaw, olardı innovciyalıq pedagogikalıq tayarlıqlarǵa tayarlaw ;

- tálim beretuǵınlardı innovciyalıq texnologiyalar arqalı támiyinlengen aktivlerge qosıw hám olardı tálim hám tálimdiń social subyektlerine aylandırıw ;

- tálim beretuǵınlardı kásiplik-tárbiya texnologiyaları menen támiyinlengen social hám pedagogikalıq tayarlıqqa tayarlaw ;

- pedagog kadrlardı kásiplik-tálim hám tálimdiń social subyektlerine tayarlaw.

Innovaciyalıq texnologiyanıń tiykarǵı mánisi tálimde studentlerdi qızıqtırıp oqıtıw hám bilimlerdi tolıq ózlestiriw bolıp tabıladı. Joqarıda keltirilgen oqıwlardıń tabıslı sheshimi oqıtıwshılardıń kásiplik-pedagogikalıq tayınlıǵı dárejesine tikkeley baylanıslı boladı. Bul process óz gezeginde geografiyanıń social orının asıradı hám kadrlar tayarlawda nátiyjeli nátiyjege iye boladı.

Juwmaq ornında aytıp ótiwimiz zárúr, bolajaq geografiya oqıtıwshısın kásiplik qáliplestiriw mashqalasın ózbetinshe, bir putin halda úyreniliwi bul máseleniń aktual pedagogikalıq mashqala kórinisinde ken kólemde ham tereń izertlew kerek boladı.

[2] Inoyatov Ol. Zamanagóy sharayatta pedagog kadrlar tayarlaw : mashqala hám wazıypalar. - T. : “Pedagogikalıq tálim” jurnalı, 2012-jıl. (2-san), 16 -21-betler.

Sol maqsette, oqıtıwdıń forması, metodı hám quralların anıqlaw, olardan metodikalıq sistema sıpatında tabıslı paydalanıw arqali bolajaq geografiya oqıtıwshıların innovacion pedagogikalıq iskerlikke tayarlawǵa erisiledi. Zamanagóy sharayatlarda barǵan sayın artıp baratırǵan pedagogika tarawınıń mártebesi hám usı baǵdardaǵı maman qánigelerge bolǵan talaptıń artıp barıwı, joqarı pedagogikalıq tálimnıń pútin sistemasında olardıń kásiplik-pedagogikalıq tayarlıǵın zaman talapları dárejesinde modernizasiyalaw zárúrshiligin belgileydi. Joqarı tálimde bolajaq oqıtıwshılardı pedagogikalıq - innovaciyalıq iskerlikke tayınlıǵın jetilistiriw procesi úzliksiz tálim sistemasın modernizaciyalawdıń ulıwma qaǵıydalarına tiykarlanadı.

**Ádebiyatlar dizimi:**

1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 8-oktyabrdaǵı "Ózbekstan Respublikası joqarı tálim sistemasın 2030 jılǵa shekem rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlaw" haqqındaǵı PF-5847-sanlı Pármanı.
2. "Tálim haqqinda"ǵı Nızam. O'RQ-637-san. 2020 -jıl 23-sentyabr. https://lex. uz/
3. Inoyatov Ol. Zamanagóy sharayatta pedagog kadrlar tayarlaw : mashqala hám wazıypalar. - T. : "Pedagogikalıq tálim" jurnalı, 2012-jıl. (2-san), 16 -21-betler.
4. Amonov X. Geografiyanı oqıtıwda oqıwshılardıń biliw iskerligin shólkemlestiriw hám basqarıw jolları. "Pedagogik mahorat" jurnali. Buxara 2020 4-san.